



# Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon  
avèk Pwogram Depatman Federal ak  
Leta ak Lekòl Title I yo



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekol yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.
- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## Kisa Tit I an ye?



**Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:**

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



**EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE**



# Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2023-2024
  - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification)
  - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo daprè lwa federal ak lwa Eta a:
    - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
    - 67% pou lekòl segondè



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –August 2023 – SY231282

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
  - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
  - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòme ak patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi\*
  - Kontra ant Lekòl - Paran\*
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)\*
  - Sondaj




EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyé
- Tout pwofesè benefisyé
- Tout fanmi benefisyé



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Daprè Distri Lekòl rejyon Palm Beach la:

Plan **Nan tout lekòl** la sèvi kòm plan pou enpwent lekòl la pou amelyore rezulta akademik pou tout elèv yo nan ranfòse enstriksyon, ankouraje yon kilti ki gen gwo atant, angaje ak bay fanmi yo pouvwa, asire yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite ak an sante, epi bay yon varyete ki santre sou sipòte elèv yo.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## BEZWEN ASESMAN KONPREYASIV CCES FSA – DONE PM

ELA	FY21	FY22	FY23	FY22-23 DIFF
GRADE 3	65	53	55	+2
GRADE 4	51	74	59	-15
GRADE 5	55	60	67	+7

-6 Percentage Point Decrease Overall  
Overall 60.3% (last year 62.3% Overall)

MATH	FY21	FY22	FY23	FY22-23 DIFF
GRADE 3	53	51	58	+7
GRADE 4	28	56	42	-14
GRADE 5	41	55	64	+9
GRADE 6	98	100	100	★

2 Percentage Point Increase Overall  
\*\*\*not including 6th Grade



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## OBJEKTIF:

<b>3 ZYÈM ANE</b>	Ogmantasyon Konpetans ELA sou PM3 soti Nan 55% - 65% VÈ Jen 2024.
<b>4 YÈM ANE</b>	Ogmantasyon Konpetans Matematik Klas 4yèm ane sou PM3 soti nan 42% - 62% (ane pase 3yèm ane te 58% konpetan) vè Jen 2024.
<b>5YÈM ANE</b>	Ogmantasyon Konpetans Matematik Klas 5yèm ane soti Nan 42%-50% (lane pase a konpetans Nan klas 5yèm ane te 64%) vè Jen 2024.



## Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



**LEKOL CITRUS COVE ELEMANTÉ**  
Rezime Plan Angajman Paran ak Fanmi 2023-2024

**Deklarasyon Milayon ANGAJMAN Paran ak Fanmi**

Lekol Citrus Cove Elemanté pran angajman pou l'kreye yon patenarya ak paran yo nan pran desizyon pataje liè li ankorage paron yo patisipe kòm patnè enfòme ak pésonèl **lekol** la nan Amplémente pwogram Tit I lekol ak lakay yo atravè **komunikasyon**, sipò resous, ak fòmasyon nan yon efò pou ameliorer elèv yo. **Reyinyon** pou ede tout elèv **atend potansyel** yo.

**Reyinyon Anyèl Tit**

Chak ane, yo **invité** fanmi yo pou yo patisipe **par revinyon** sa a **pan komansman** an lekol la pou aprann plis sou Pwogram Tit I nan tout lekol nou an ak egzijans Tit I. Reyinyon Tit 1 anyèl la ap fèt 11 Oktòb 2023 a 5:00 PM nan Media Center nan Lekol Citrus Cove Elemanté.

**Fòmasyon Angajman Paran ak Fanmi**

Citrus Cove Elemanté pral ofri aktivite sa yo pou ede fanmi yo konprann kourikoulòm ak **evalyasyon** eta a pou **edé** fanmi yo sipòt siksé akademik pitit yo.

- Sware Alfabetizasyon - 10 Oktob 2023**

Nan klas Primè yo, paran yo pral resevwa fòmasyon sou fason timoun yo aprann li, sou **atant** pou nivo klas **espesifik** yo, ak sou fason yo ka espesyalman ede pitit yo lakay yo. Nan klas Entèmedyè, paran yo pral resevwa fòmasyon sou **atant** nivo klas yo, BEST estanda, devwa yo dwe bay ak fason paran an ka ede. Paran ak moun k ap bay swen yo pral aprann kijan pou yo fè **alfabetizasyon** plezi ni pou elèv la **nj** pou paran yo.

- KENBE PITIT OU An SEKIRITE SOU ENTENÈT La - 16 Janvye 2024**

Paran yo pral aprann kijan pou yo kenbe pitit yo an sekirite sou enténèt la. Paran yo pral aprann sou sitwayèntre digital yon timoun ak sekirite pou yo ka eksploré mond lan sou enténèt ak konfyans. SWARE

- FORMATION STEAM - Fevrilye 2024**

Fòmasyon paran yo pral bay paran yo resous, ak materyèl/aktivite pratik yo ka **utilize** ak elèv yo. Liè yo bay paran fòmasyon nan yon forma enteresan, entèaktif, paran yo ka sipòt pitit yo nan satisfè nom klas yo nan syans ak matematik epi yo pral jwenn jwèt espesifik nan nivo klas yo pou pataje ak fanmi yo pou sipòt pitit yo lakay yo.

**Kominikasyon**

Citrus Cove Elemanté pral bay paran yo ak fanmi yo enfòmasyon Tit 1 nan yon liè ki konvenab. Paran yo pral resevwa enfòmasyon sou evalyasyon akademik eta a ak evènman k ap vini yo nan biltén mansyèl Direktè a, imèl ki soti nan Direktè a, feyè, ak mesaj Rapèl pandan ane lekol la. Yo pral tradwi imèl direktè lekol la, biltén nouvèl, ak depilyan an panyòl ak kreyòl ayisyen. Y ap enfòme paran yo **sou revinyon SAC** nou yo ak Reyinyon PTO yo kote yo ka gen opòtinите pou yo patisipe nan pran desizyon edikasyonèl pou elèv yo. N ap ofri **revinyon** **you** a **you** tou pou **paran** ki te rate yon **evènman**.

**Aksessibilité pou tout Fanmi**

Anplwaye lekol nou an ap bay akomodasyon ak sipò ki nesesè pou fanmi nou yo kapab patisipe epi angaje yo nan edikasyon pitit yo. Manm pésonèl bileng nou yo pral bay paran yo sévis **kominikasyon** liè sa nesesè sou lakou lekol la. Dokiman ak imèl yo pral tradui tou pou fanmi nou yo. Citrus Cove pral asire paran yo ak fanmi ki gen endikap yo resevwa akomodasyon ki awopriye. Dèpatman ESOL la pral idantifye elèv ki gen fanmi yo ki emigre pou travay epi ba yo resous yo. **Pésonèl lekol** la pral bay tou resous pou fanmi nou yo ki ap fè eksperyans sanzabri.

**Volonte**

Nou ankorage fanmi yo pou yo sèvi kòm volonté nan lekol nou an pou ede pwofesè yo ak elèv yo. Tanpri **tele** koòdonatè volonté lekol **you** an pou jwenn plis **enfòmasyon** sou **opòtinите volonté** yo. Nou apresye ède ou yo anpil!

**Plan Nou Yo**

Plan sa a te ekri an kolaborasyon ak fanmi yo, **anplwaye** yo, ak manm kominote lekol nou an. **Sisèxyon paron** yo pou **ameliorer** pratik angajman fanmi nou yo toujou akeyi. Si ou gen kòmantè, ou **kg** ekri yo **sou liy** ki **anba** a. Nou ankorage w tou pou w patisipe nan Reyinyon Anyèl Konsilasyon Pati Konsène yo nan sezón prentan an epi pou w **komplete evalyasyon** fòmasyon yo, epi yo voye Sondaj yo **sou Patisipasyon** Paran ak Fanmi yo chak ane.

## Fòmasyon Tit I pou Paran ak Pwofesè

- Fòmasyon Anplwaye yo
- Alfabetizasyon Entèaktif fòmasyon Anplwaye - 11 Septanm, 2023
- Fòmasyon efikas pou komunikasyon paran- 13 Oktòb, 2023
- Fòmasyon paran yo
- Sware Alfabetizasyon - 10 oktòb, 2023
- Fòmasyon Cyber Safety - 16 Janvye, 2024
- Sware S.T.E.A.M.- 22 Fevriye, 2024



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



13

## Fon Tit I

- I-READY - MAGNET BOOKS
- PD pou Pwofesè
- Leson
- Aktivite Angajman Paran/Fanmi
- Dosye pou elèv yo
- Fim laminasyon
- Lank
- Kopi Papye, Post It's, Makè, Kat Stock, elatriye...
- Planifikasyon kolaborasyon
- EKRI - Gwo Pwen Klas 2-5yèm Ane
- TIMER , WHITE BOARD CHEVALET, TABLO PAPYE, LÈT EMAN, ELÈV WHITE BOARDS
- 2 ANTRENÈ ENTRISKTÈ
- Madam Sandra Correia
- Madam Shannon Colletta
- Pwofesè laboratwa teknoloji
- Parapwofesyonèl nan salklas
- Lyezon paran/fanmi



# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou revize si sa nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou ekri l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsabilite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Kontra ant Paran ak Lekòl la

Lekòl Elementè Citrus Cove pou Ane 2024

Kontra Tit I pou Aprantisaj 2023-2024

Kontra Tit I pou aprantisaj Lekòl-Paran/Responsab-Elèv la rekonèt pou elèv yo reyisi: lekòl, pwofesè, paran, ak elèv yo dwe travay ansanm pou bay yon anviwònman aprantisaj pwodiktif anrichisan. Tanpri, revize Kontra sa a avèk pitit ou a, siyen i epi retounen i avan oswa nan dat 15 septanm 2023. Tanpri, kenbe yon kopí lakay ou.

**Lekòl Elementè Citrus Cove dakò pou I:**

- ★ ofri yon anviwònman san danje, pozitif epi anrichisan pou pitit ou a aprann;
- ★ anseye konpetans, konsèp ak nòm ki koresponn ak nivo klas la;
- ★ ankouraje *Positive Panther Pledge* (Responsab, Respè, Koperativ, Pozitif, ak San danje);
- ★ ranfòse règleman nan klas ak lekòl la yon fason jis avèk konsistans;
- ★ kominike avèk paran regilyèman, konsènan pwogrè pitit ou a nan klas, devwa lakay, ak atant nou genyen;
- ★ demontre konpòtman pwofesyonèl ak atitud pozitif; epi
- ★ ankouraje Fyète Lekòl Elementè Citrus Cove.

Natalie C. Cromwell

Non ak Siyati Direktè/tris (nan non lekòl la)

dat \_\_\_\_\_

**ParanLekòl Elementè Citrus Cove yodakò pou yo:**

- ★ fè sèten pitit mwen dòmi ase chak swa;
- ★ fè sèten li vin lekòl chak jou epi rive lekòl la 7:50 AM;
- ★ fè sèten pitit mwen an suiv kòd abiman chak jou;
- ★ vini nan konferans, aktivite ak evènman nan lekòl la;
- ★ siyen fèy pwen an chak jou, ranpli tout fòm ak demann yo, epi ede nan devwadmezon;
- ★ diskite avèk pitit mwen sou enpòtans edikasyon akademik, konpòtman, ak "Trè Pozitif Panther yo";
- ★ ofri yon anviwònman nan kay la ki valorize edikasyon.
- ★ Sipòte règleman ak pwozedi Lekòl Elementè Citrus Cove/Distri Lekòl Rejyon Palm Beach; epi
- ★ ankouraje Fyète Lekòl Elementè Citrus Cove.

dat \_\_\_\_\_

Non Paran an

Siyati Paran an

**ElèvLekòl Elementè Citrus Cove yo dakò pou yo:**

- ★ Vin lekòl chak jou;
- ★ Rive lekòl alè (7:50 AM);
- ★ suiv kòd abiman Lekòl Elementè Citrus Cove chak jou;
- ★ vin tou pare pou kou yo avèk devwa ak founiti klasik chak jou;
- ★ Montre respè pou estaf, elèv, ak envite Lekòl Elementè Citrus Cove;
- ★ travay an kolaborasyon avèk lòt moun;
- ★ fè efò pou suiv *Panther Pledge* la epi pou m responsab aprantisaj mwen, konpòtman, ak aksyon mwen; epi montre ak ankouraje Fyète Lekòl Elementè Citrus Cove.

dat \_\_\_\_\_

Non elèv la



## Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo; ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, kalifikasyon pwofesyonèl li.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòme fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou FSA, EOCs, ak SSA.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout élèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan novo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè



## Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:  
Jorge Echegaray  
Manadjè, Migrant Education Program  
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl  
[Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org](mailto:Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org)  
(561) 202-0356



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

*Ekip McKinney-Vento Homeless Education Program*  
(MVP) kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yon abri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



## Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento & Jesyonè* Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program* (MVP) oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- [MVHomeless@palmbeachschools.org](mailto:MVHomeless@palmbeachschools.org)



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



# Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

- [ENGLISH EVALUATION](#)
- [CREOLE EVALUATION](#)
- [SPANISH EVALUATION](#)

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE

